



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SCHMIDT FUTURES PRAL EDE ENTEGRE PRATIK AK SISTÈM ETA NEW YORK YO AVÈK PI BON ZOUTI TEKNOLOJI KI AVANSE YO POU TOUNEN KONSTWI PI BYEN

Eric Schmidt pral dirije yon komisyon 15 manm epi itilize sa eta a te aprann pandan pandemi COVID-19 la, konbine ak nouvo teknoloji yo, pou amelyore telesante ak sistèm wo debi a nan tout eta a

Prezante rezilta nouvo done ospitalizasyon pou redui plis kantite nouvo ospitalizasyon chak jou yo

JetBlue ap bay 100,000 pè vòl ale retou pou pèsonèl medikal ak enfimyè yo

Konfime 2,786 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 323,978; gen nouvo ka nan 45 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Schmidt Futures pral ede entegre pratik ak sistèm Eta New York yo avèk pi bon zouti teknoloji ki avanse pou tounen konstwi pi byen. Eric Schmidt, ansyen Direktè Egzekitif Jeneral Google ak Prezidan Egzekitif ak fondatè Schmidt Futures, pral dirije Komisyon Riban Ble (Blue Ribbon Commission) eta a ki gen 15 manm epi itilize sa eta a te aprann pandan pandemi COVID-19 la, konbine ak nouvo teknoloji yo, pou amelyore telesante ak aksè a wo debi.

Gouvènè a te prezante tou rezilta nouvo done ospitalizasyon ki te kolekte nan lopital yo nan nouvo efò sible pou redui plis kantite nouvo ospitalizasyon pa jou yo. Eta a te resevwa 1,269 repons ankèt nan 113 lopital pandan twa jou epi te jwenn ke pifò moun yo te:

- P ap travay oswa vwayaje;
- Rete prensipalman nan pati elwaye sant vil la;
- Prensipalman minorite ak moun ki pi aje;
- Prensipalman pa anplwaye esansyèl; epi
- Prensipalman lakay.

Gouvènè a te anonse tou ke JetBlue ap bay 100,000 pè vòl ale retou pou pèsonèl medikal ak enfimyè yo pou onore efò yo, l ap kòmanse avèk 10,000 pè tikè pou pwofesyonèl medikal New York yo. Anplis de sa, twa avyon JetBlue pentire ki onore travayè premye liy New York yo pral fè yon vòl sou tèt Vil New York nan jedi 7 me nan 7:00 p.m.

"Pandan nou kòmanse re-ouvri kèk pati nan eta a ak re-imagine New York nan nouvo nòm la, nou dwe pran moman sa a nan listwa pou itilize sa nou te aprann epi tounen konstwi sistèm nou yo pi byen toutbon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen pa vle ranplase sa nou te fè - Mwen vle etabli ba a pi wo epi amelyore toutbon sityasyon nou pou nou ka prepare pou lavni. N ap travay avèk kèk nan pi gwo lidè biznis nasyon an pou asire nou panse gran ase epi amelyore ak modènize sistèm nou an pou lavni."

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,786 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 323,978 ka konfime nan Eta New York. Nan total 323,978 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,321	27
Allegany	35	0
Broome	345	7
Cattaraugus	54	1
Cayuga	51	0
Chautauqua	38	1
Chemung	128	2
Chenango	102	2
Clinton	69	0
Columbia	291	62
Cortland	28	0
Delaware	62	0
Dutchess	3,192	41
Erie	4,008	117
Essex	30	0
Franklin	16	0
Fulton	100	3
Genesee	162	3
Greene	188	22
Hamilton	5	2
Herkimer	68	1
Jefferson	63	0
Lewis	9	0
Livingston	89	3
Madison	231	8
Monroe	1,655	32
Montgomery	63	2
Nassau	37,350	198

Niagara	549	41
NYC	178,351	1,477
Oneida	579	5
Onondaga	1,056	54
Ontario	99	2
Orange	9,215	71
Orleans	103	4
Oswego	70	2
Otsego	67	0
Putnam	1,040	9
Rensselaer	347	8
Rockland	12,204	60
Saratoga	371	3
Schenectady	551	14
Schoharie	45	0
Schuyler	7	0
Seneca	46	0
St. Lawrence	180	2
Steuben	223	2
Suffolk	35,543	268
Sullivan	996	12
Tioga	96	4
Tompkins	129	0
Ulster	1,383	26
Warren	193	1
Washington	189	1
Wayne	78	0
Westchester	30,426	186
Wyoming	70	0
Yates	19	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)